



THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

600 Southeast Third Avenue • Fort Lauderdale, Florida 33301 • Office: 754-321-2600 • Fax: 754-321-2701

ROBERT W. RUNCIE
Superintendent of Schools

**The School Board of
Broward County, Florida**

Nora Rupert, Chair
Heather P. Brinkworth, Vice Chair

Robin Bartleman
Abby M. Freedman
Patricia Good
Donna P. Korn
Laurie Rich Levinson
Ann Murray
Dr. Rosalind Osgood

9 Oktòb, 2018

Pou Paran, Gadyen ak Elèv,

Pwoteksyon ak sekirite elèv-nou-yo, estaf epi lekòl-yo rete pi wo priyorite nou pou lekòl piblik Broward County, *Broward County Public Schools (BCPS)*. Nou ankouraje chak moun 'di yon bagay lè li wè yon sityasyon' paske kominote-a nèt gen responsablite kolektif defann sekirite nan lekòl-nou-yo.

Nou vle enfòme ou de de resous ki te devlope pou amelyore sekirite piblik. Resous sila kite chak moun rapòte mennas ki siseptib rive ak aktivite ki sispèk. Toude app pou aparèy mobil (mobile phone) gratis. Ou ka telechaje (download)-yo nan Apple's App Store ak Google's Play Store.

Premye resous-la se app **SaferWatch** app. App sa kite chak moun gen abilite kominike san pwoblèm ak lapolis, ajans ranfòsman lalwa nan Konte Broward, pou rapòte mennas posib ak aktivite ki sispèk. Ofis Broward Sheriff's Office ankouraje tout moun gen app-la.

Vizite sit <https://www.saferwatchapp.com/broward/> pou plis enfòmasyon osijè app SaferWatch app.



Dezyèm resous-la pou rapòte pwoblèm sekirite se app **FortifyFL**. App FortifyFL kite chak moun rapòte lamennan yon aktivite ki sispèk bay lapolis ak ajans ranfòsman lalwa ki konsène. Pou plis enfòmasyon osijè app FortifyFL, vizite sit <https://www.getfortifyfl.com/>.



N'ap raple-ou, BCPS swiv depre liy pou bay enfòmasyon san ou pa bay noun-ou, si ou vle rapòte mennas posib ki ka rive nan yon lekòl oswa rapòte lòt preyokipasyon osijè sekirite nan yon lekòl. Paran ak elèv kapab rapòte enfòmasyon nan diferan fason. Yo kapab:

1. Rele nimewo telefòn (754) 321-0911
2. Texte SBBC avèk yon enfòmasyon a 274637 (CRIMES)
3. Voye yon imel bay school911@browardschools.com si ou wè yon sityasyon ki enkyete w.
4. Soumèt selon yon mwayen elektwonik yon enfòmasyon sou sit <https://www.browardschools.com/Anonymous-Tips>

Sonje metòd-sa-yo ki ede moun rapòte yon sityasyon PA ranplase rele 9-1-1, lè gen yon krim k'ap fèt oswa yon emèjenssi. BCPS ankouraje paran ak elèv rete vijilan nan rapòte aktivite ki sispèk bay otorite ki konsènen, selon metòd kominikasyon yo pito. Lè nou travay ansanm, nou ka amelyore sekirite nan lekòl ak nan kominote-nou.

Sensèman,

Robert W. Runcie

BED<HC#276/is/10/18>

Document translated by the Bilingual/ESOL Department (10/18)